

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN
ETAZINI

Jedi 28 Janvyè 2016 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

Pati III B genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

1 Ki karakteristik jewografik gouvènman britanik lan te itilize nan ane 1763 kòm yon fwontyè pou mete restriksyon sou koloni kolon Ameriken yo?

- (1) Rivyè St. Lawrence
- (2) Montay Wochez
- (3) Montay Apalach yo
- (4) Rivyè Mississippi

2 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- | |
|---|
| I. _____ A. Chanm Reprezantan Bègès B. Akò Mefflawè C. Reyinyon popilè New England |
|---|

- (1) Sistèm Gouvènman Nasyonal Britanik nan Amerik-di-Nò
- (2) Repons Kolonyal yo pou Pratik Neglijans Salitè
- (3) Efò Britanik yo pou Kontwole Gouvènman Kolonyal yo
- (4) Efò Koloni yo nan Gouvènman Otonòm

3 Pandan epòk kolonyal la, Britanik yo t ap ankouraje politik mèkantilis pou yo

- (1) kontwole komès koloni ameriken yo
- (2) ankouraje komès kolonyal avèk Lafrans ak Espay
- (3) entèdi tout komès ant koloni britanik yo nan Amerik-di-Nò
- (4) mete restriksyon sou enpòtasyon Afriken esklav yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 ak 5.

...Nou fè verite sa yo vin endepandan, tout gason kreye egalego, Kreyatè yo bay yo avèk sèten dwa envyolab, pami dwa sa yo se Lavi, Libète, ak rechèch Bonè. Pou jwenn dwa sa yo, yo fòme Gouvènman yo pami gason yo, ki soti nan pouvwa yo nan konsantman moun ki gouvènè yo,...

4 Ki dokiman ki gen pasaj sa a?

- (1) Akò Mefflawè
- (2) Deklarasyon Endepandans
- (3) Òdonans Nòdwès
- (4) Doktrin Monroe

5 Pasaj sa a sijere otorite gouvènman an

- (1) soti nan dwa diven wa yo
- (2) baze sou yon kontra sosyal ki la pou garanti dwa endividyèl yo
- (3) gen ladan pouvwa pou sezi pwopriyete prive pou defans nasyonal
- (4) se sous tout dwa natirèl sitwayen yo

6 Ki afè pwoblèm Plan Virginia, Plan New Jersey, ak Gran Konpwomi, te abòde nan Konvansyon Konstitisyonèl la (1787)?

- (1) pouvwa pou kontwole komès ant eta yo
- (2) kantite jij Lakou Siprèm
- (3) yon sistèm pou eli prezidan
- (4) yon metòd pou detèmine reprezantan eta a nan Kongrè a

7 Ki gwo tit ki rapòte egzanj ki pi aklè nan sistèm pouvwa ekilibre Konstitisyon Etazini?

- (1) “Ajans Pwoteksyon Anviwònman Pwopozè Kontwòl ki Pi Sevè sou Polisyon Lè”
- (2) “Lakou Siprèm Pran Desizyon sou Lwa Imigrasyon Arizona”
- (3) “Prezidan an Mete Veto sou Pwojè-Lwa pou Depans nan Ladefans”
- (4) “California Adopte Lwa Sevè pou Kontwòl Zam”

8 Konpwomi Twa-senkyèm yo te adopte nan Konstitisyon an nan ane 1787 te gen efè pou

- (1) ogmante reprezantasyon eta sid yo nan Kongrè a
- (2) bay yon metòd pou ratifye amannman yo
- (3) fè akizasyon prezidan an vin posib
- (4) pèmèt itilizasyon dispozisyon elastik nan pwosesis lejislatif la

9 Kisa ki te deba prensipal moun ki te kont ratifikasyon Konstitisyon Etazini?

- (1) Yo pa ta dwe fòs eta yo pou yo peye taks ba gouvènman federal la.
- (2) Nouvo konstitisyon an pa t bay pwoteksyon apwopriye pou libète endividyèl yo kont abi gouvènman federal la.
- (3) Yo te bay plis pouvwa pou branch jidisyè a pase branch lejislatif la ak branch egzekutif la.
- (4) Gouvènman federal la pa t gen ase pouvwa pou defann nasyon an kont lennmi etranje yo.

10 Ki politik etranje sou Ewòp Prezidan George Washington te rekòmande nan Diskou Adye li?

- (1) alyans militè
- (2) entènasyonalis
- (3) enperyalis
- (4) netralite

11 Kisa ki te yon objektif prensipal Prezidan desizyon Thomas Jefferson nan ane 1803 pou achte Teritwa Lwizyàn?

- (1) etid sosyete Endyen Natifnatal Ameriken yo
- (2) eksplwatasyon min lò ak ajan nan California
- (3) vin gen kontwòl pò New Orleans
- (4) jwenn aksè nan depo minrè fè toupren Gran Lak yo

12 Ka *Marbury v. Madison* (1803) te detèmine prensip ki endike

- (1) Lakou Siprèm kapab deklare lwa federal yo enkonstitisyonèl
- (2) eta yo gen pouvwa sou gouvènman federal la
- (3) prezidan an lonmen jij federal yo
- (4) Kongrè a kapab anile veto prezidansyèl yo

13 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- | |
|--|
| I. _____ |
| A. Konfli sou tarif dwa ladwàn yo |
| B. Enstwiksyon esklavaj nan teritwa yo |
| C. Demann abolisyonis yo |
| D. Dezagreman sou dwa Eta yo |

- (1) Rezon pou Sistèm Ameriken an
- (2) Siksè Twazyèm Pati Politik yo
- (3) Kòz Rejyonalis
- (4) Jistifikasyon pou Refòm Ekonomik

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 14.

**RECHÈCH
MOUN
NWA!**

**Bounty, \$602.
Depo an Kach, \$350.**

Anplis Eta a, ak Etazini ap peye, &c.

Rekri yo ap rasanble nan Rejiman Moun Nwa yo.
APLIKE POU

JAMES S. HENRY;
Nan Biwo Rekritman an, Second & Bridge Ave.
Camden, 23 Desann 1863.

Curtz, Enpresyon Liv ak Biznis, Biwo Camden Phoenix, 413 Federal Street

Sous: Library of Congress

14 Afich 1863 sa a ap rekrute Ameriken Nwa pou ede

- (1) pote laviktwa sou Konfederasyon an nan Lagè Sivil la
- (2) ede nan efò Rezo Klandesten Esklav Mawon
- (3) abite nan tè ki nan Sid ak eta fwontyè yo
- (4) ranfòse kondisyon Lwa kont Esklav Mawon yo


15 Apre Lagè Sivil la, anpil pwopriyetè gwo plantasyon ki nan Sid te reponn pou pèt mendèv esklav lè yo

- (1) te anboche imigran Ilandè yo pou fè travay afranchi yo
- (2) vann plantasyon yo ba ansyen esklav yo
- (3) kreye meteri ak meteyaj
- (4) peye salè ba kiltivatè ki te soti nan Nò pou vin nan zòn nan

16 Gouvènman federal la te bay repons pou grèv nan chemennfè ane 1877 la ak grèv Pullman ane 1894 lè li te

- (1) itilize lafòs militè kont travayè yo
- (2) egzije negosyasyon pou rezoud konfli yo
- (3) kenbe yon pozisyon ki pa ni anfavè travayè yo ni anfavè direksyon an
- (4) bay èd ekonomi pou travayè ki t ap fè grèv la

Sèvi ak graf ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 la.



Sous: U.S. Bureau of the Census (adapte)

17 Kisa ki te kòz prensipal tandans ki endike nan graf la?

- (1) fènti fwontyè a alwès
- (2) endistriyalizasyon nan Nò ak Midwès
- (3) pasaj Lwa Homestead
- (4) reyalizasyon chemennfè trans-kontinantal

18 Yo te mete yon ti kantite restriksyon sou imigrasyon nan Etazini nan fen 19yèm syèk la sitou paske imigran yo

- (1) ta travay pou salè ki ba
- (2) te bay anpil sous kapital investisman
- (3) ta mete yon diplis sou divèsite popilasyon an
- (4) te jwenn yon ti opozisyon sitwayen yo

19 Doktrin “apa men egalego” Lakou Siprèm te mete anplas nan *Plessy v. Ferguson* (1896) te fè respekte

- (1) dwa pou fanm yo vote nan eleksyon eta a
- (2) aktivite Kouklouksklan
- (3) segregasyon rasyal nan bilding piblik yo
- (4) restriksyon sou dwa pou Ameriken Nwa yo vote

Sèvi ak foto ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 an.



Sous: Nebraska State Historical Society, 1890



Sous: Smithsonian Institution, National Anthropological Archives

20 Foto sa yo sou lavi nan 19yèm syèk la nan Gran Plèn yo endike

- (1) Endyen Natifnatal Ameriken yo ak kolon blan yo te itilize menm materyo konstwiksyon pou pwoteksyon
- (2) Endyen Natifnatal Ameriken ak kolon blan yo te adapte yon fason diferan nan menm anviwònman an
- (3) kolon blan yo te aprann pratik agrikilti nan men Endyen Natifnatal Ameriken yo
- (4) Endyen Natifnatal Ameriken ak kolon blan yo te depannde bif pou yo siviv

21 Ant ane 1870 ak 1900, dirijan biznis yo nan Etazini te souvan eseye ogmante rannman, ogmante pwofi yo nèt, epi diminye depans yo lè yo te

- (1) redui konpetisyon avèk fòmasyon twòs
- (2) ogmante benefis yo pou travayè endistri yo
- (3) sipòte pasaj lwa sevè antitwòs
- (4) anpeche envestisman etranje nan Etazini

22 Ki pwopozisyon ki te pi konsistan avèk objektif Federasyon Travayè Ameriken (American Federation of Labor) anba direksyon Samuel Gompers?

- (1) posesyon endistri transpò ak kominikasyon gouvènman an
- (2) negosyasyon ant patwon ak travayè pou jwenn akò sou salè ak orè travay
- (3) fòmasyon yon twazyèm pati politik pou ankouraje règleman sendika
- (4) òganizasyon travayè non-kalifye an yon sendika nasyonal

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24.

PA GEN MANK GWO JIBYE
Prezidan an Sanble Te Pè Yon Ase Gwo Kantite Pyèv.



Sous: Charles Bartholomew, *The Minneapolis Journal*, April 13, 1903 (adapte)

23 Dapre enfòmasyon komik la bay la, objektif Prezidan Theodore Roosevelt se te pou

- (1) konvenk biznis yo pou yo aksepte nasyonalizasyon
- (2) ede biznis yo reziste kont entèferans investisè yo
- (3) mete anplis règleman sou sekirite travayè yo nan faktori yo
- (4) itilize pouvwa federal pou kontwole monopòl yo

24 Ki lwa Kongrè a ki te bay Prezidan Roosevelt otorite li montre nan komik sa a?

- | | |
|-----------------------------------|---|
| (1) Lwa Konsènan Enspeksyon Vyann | (3) Lwa sou Dwa Ladwàn Underwood |
| (2) Lwa Antitwòs Sherman | (4) Lwa sou Bon Kalite Manje ak Medikaman |

Sèvi ak foto ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 lan.



Sous: Library of Congress

25 Ki aktivite ki jistifye nan foto sa a?

- (1) pikèt grèv kont patisipasyon Etazini nan Premye Gè Mondyal la
- (2) fè yon deklarasyon sipò pou Lig Nasyon yo
- (3) manifestasyon kont refi nasyon an pou bay fanm yo dwa pou vote
- (4) sipòte pinisyon peyi Almay poutèt li lakòz Premye Gè Mondyal la


26 Yo te adopte Lwa 1913 konsènan Rezèv Federal nan yon efò pou

- (1) ogmante ekspòtasyon Etazini
- (2) pwoteje sante travayè yo
- (3) kontwòle kantite lajan k ap sikile
- (4) pwoteje forè nasyonal yo kont destwiksyon

27 Gran Migrasyon Ameriken Nwa yo ant ane 1915 ak 1930 se te sitou yon mouvman ant

- (1) vil yo ak devlopman banlye yo
- (2) bitasyon nò yo ak vil nò yo
- (3) vil sid yo ak teritwa lib ki nan Lwès
- (4) Sid riral ak vil nò yo

Sèvi ak graf ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 28 la.



Sous: John M. Murrin et al., *Liberty, Equality, Power: A History of the American People*, Thomson Wadsworth, 2006 (adapte)

28 Ki deklarasyon sou peryòd ant 1918 ak 1929 ki te pi sipòte aklè avèk enfòmasyon ki nan graf la?

- (1) Pousantaj revni Ameriken ki pi rich yo te kontwole yo te diminye.
- (2) Diferans nan revni ant senkyèm popilasyon ki pi rich la ak rès popilasyon an te ogmante.
- (3) Revni jeneral pa tèt nan Etazini te diminye.
- (4) Pousantaj revni moun pòv yo te kontwole te ogmante yon fason estab.

29 Ki ajans Nyoudil ki te gen kreyasyon nouvo djòb kòm objektif prensipal li?

- (1) Administrasyon Ajisteman Agrikòl (Agricultural Adjustment Administration, AAA)
- (2) Sosyete Federal Asirans Depo (Federal Deposit Insurance Corporation, FDIC)
- (3) Komisyon Tit ak Echanj (Securities and Exchange Commission, SEC)
- (4) Administrasyon Pwogrè Travay (Works Progress Administration, WPA)

30 Lwa Wagner Act (Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay) ane 1935 te ede travayè òganize yo lè li

- (1) te egzije pou gouvènman an gen kontwòl sou endistri a
- (2) bay travayè yo garanti pou dwa pou negosyasyon ant patwon ak travayè
- (3) entèdi atelye ki fèmèn nan espas travay la
- (4) egzije tout travayè yo pou yo antre nan sendika yo

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31 an.

TÈS KALIFIKASYON POU DJÒB LAKOU SIPRÈM



Sous: Edward S. Brown, *New York Herald Tribune*,
February 12, 1937 (adapte)

31 Lide prensipal komik lan sèke Prezidan Franklin D. Roosevelt te vle

- (1) akize jij ki pa t sipòte li
- (2) kontwole desizyon Lakou Siprèm
- (3) kreye kalifikasyon avanse pou jij yo
- (4) ankouraje Lakou Siprèm pou aji yon fason ki pi efikas

32 Nan mitan ane 1930 yo, ki aksyon gouvènman federal te fè nan yon efò pou evite sitiyoasyon ki te lakòz Etazini antre nan Premye Gè Mondyal la?

- (1) pasaj Lwa yo sou Netralite
- (2) pèmèt sèlman Lamarin Etazini fè livrezon machandiz militè yo nan peyi etranje
- (3) investi lajan nan nasyon Almay menase yo
- (4) fòme yon alyans militè avèk Inyon Sovyetik

33 Lwa 1941 sou Prè-Afèmaj te fè yon gwo chanjman nan politik Etazini sou nasyon ki te patisipe nan Dezyèm Gè Mondyal la paske li te

- (1) bay materyèl lagè pou nasyon Alye yo san yon deklarasyon lagè
- (2) enpoze yon bòykòt komès sou Almay ak Japon
- (3) otorize konfiskasyon byen britanik yo nan Etazini
- (4) apwouve politik apezman gouvènman franse ak gouvènman britanik

Lòd Nimewo 5 pou Esklizyon Sivil
KÒMANN DEFANS OKSIDANTAL AK KATRIYÈM FÒ LAME
ADMINISTRASYON KONTWÒL SIVIL NAN TAN LAGÈ
“Presidio” San Francisco, California
1ye Avril 1942
ENSTWIKSYON
POU TOUT MOUN KI GEN ZANSÈT
JAPONÈ

Sous: Western Historical Manuscript Collection, University of Missouri-St. Louis (adapte)

34 Enstwiksyon yo fè referans nan avi piblik sa a te lakòz

- (1) depòtasyon pifò etranje Japonè yo nan Japon
- (2) pwoteksyon kay ak pwopriyete Japonè-Ameriken yo
- (3) deplasman Japonè-Ameriken yo pou mete yo kan entènman
- (4) anwole tout jèn gason Japonè-Ameriken yo nan fòs lame Etazini

35 Syantifik ki t ap travay sou Pwojè Manhattan pandan Dezyèm Gè Mondyal la te responsab pou

- (1) konsevwa zam pou envazyon Jou D
- (2) konstwi satelit pou espyone sou nasyon Aks yo
- (3) kreye materyèl pou lagè byolojik ak chimik
- (4) devlope bonm atomik

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 36 la.

...Yo deklare li se politik Prezidan an ki endike a dwe gen egalite tretman ak opòtinite pou tout moun nan sèvis fòs lame san konsiderasyon ras, koulè, relijyon oswa peyi kote moun yo fèt. Yo dwe mete politik sa a anvigè san pèdi tan otank posib, paske li gen pou wè ak tan ki nesèsè pou fè [aplike] nenpòt chanjman ki nesèsè san deranje efikasite oswa moral li...

– Section 1, Executive Order 9981

36 Objektif Dekrè Egzekitif 9981, Prezidan Harry Truman te pibliye, se te pou

- (1) ankouraje fanm yo antre nan sèvis fòs lame
- (2) mete yon pwen final nan segregasyon rasyal nan fòs lame
- (3) asire mendèv apwopriye pou batay nan Lagè Kore
- (4) mete tribinal pou krim lagè anplas nan Ewòp-de-Lwès

Sèvi ak ekstrè ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 ak 38.

...Laverite nan afè a sèke egzijans Ewòp pou twa (3) oswa kat (4) pwochen ane manje etranje ak lòt pwodui debaz—ki soti sitou nan Amerik—tèlman pi gran pase mwayen prezan yo pou peye sa fè li dwe jwenn gwo èd siplemantè, oswa l ap gen deteryorasyon ekonomik, sosyal ak politik yon karaktè ki grav anpil....

— Secretary of State George Marshall, Remarks at Harvard University Commencement, June 5, 1947


37 Nan ekstrè sa a, Sekretè-Deta George Marshall idantifye bezwen pou

- (1) bay èd ekonomik pou nasyon ewopeyen k ap debat yo
- (2) pèmèt travayè Ewopeyen yo enstale yo nan Etazini
- (3) enstale gouvènman demokratik nan nasyon Ewòp-de-Lwès yo
- (4) ranfòse defans militè ewopeyen yo

38 Sitiyasyon nan Ewòp Sekretè-Deta George Marshall dekri a se te rezilta

- (1) echèk Nasyonzini pou ede pèp ki nan bezwen yo
 - (2) dega batay nan Dezyèm Gè Mondyal la te lakòz
 - (3) konstwiksyon Miray Bèlen Inyon Sovyetik fè
 - (4) kontwòl Lagrès ak Latiki kominis yo vin genyen
-

Sèvi ak desen ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 39.



Sous: Fawcett Publications (adapte)

39 Yo te chwazi abri ki nan desen ki nan tiliv sa a pou ede Ameriken yo siviv

- (1) nan chanjman klima global yo
 - (2) maladi pandemik yo
 - (3) katastwòf natirèl yo
 - (4) lagè nikleyè
-

Sèvi ak powèm ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 40.

HALÈM

Kisa ki pase yon rèv difere?

Èske li seche

Tankou yon rezen ki nan solèy?

Oswa pouri tankou maleng—

Epi answit kouri?

Èske li santi tankou vyann gate?

Oswa fòmè kwout ak sik sou—

Tankou yon bonbon siwo?

Pètèt li senpleman bese

Tankou yon chay lou.

Oswa èske li eksploze?

— Langston Hughes, 1951 (adapte)

40 “Rèv defere” ki nan powèm sa a konsène lespwa Ameriken Nwa yo te genyen pou

- (1) egalite sosyal ak politik
 - (2) yon nasyon Ameriken Nwa endepandan
 - (3) aksè nan tretman medikal bon mache
 - (4) aranjman piblik apa
-

41 Youn nan efè prensipal pasaj lwa 1956 konsènan Otowout Ant Èta a se te ekspansyon

- (1) sèvis transpò nan tren pasaje sou distans long
- (2) popilasyon imigran yo
- (3) kominote ki nan banlye yo
- (4) endistri liy ayeryen

42 Yon fason desizyon Lakou Siprèm nan *Mapp v. Ohio* (1961), *Gideon v. Wainwright* (1963), ak *Miranda v. Arizona* (1966) sanble sèke yo chak te lakòz

- (1) plis fouy legal san manda
- (2) mwen règleman sou kontwòl zam
- (3) plis limit sou libète relijye
- (4) ogmante dwa pou moun yo akize pou krim

43 Yon enpak prensipal 24yèm amannman ki entèdi taks lokal ak yon gwo enpak Lwa 1965 sou Dwa pou Vote se te

- (1) ogmantasyon nan kantite lwa Jim Crow yo
- (2) mouvman pou kreye yon nouvo pati politik pou Ispanik yo
- (3) diminisyon nan vòt pami fanm Ameriken Nwa yo
- (4) eliminasyon pratik diskriminasyon nan vòt kont Ameriken Nwa yo



Sous: Jimmy Margulies, *The Record* (Hackensack, NJ), April 14, 2009

44 Ki deklarasyon ki pi byen eksprime pwendvi desinatè imoristik la?

- (1) Pafwa sitwayen yo pa apresye avantaj gouvènman an bay ki finanse avèk lajan taks.
- (2) Plis pwogram avantaj sosyal nesèsè pou Ameriken aje yo.
- (3) Ameriken aje yo rejte èd gouvènman an bay ki sipòte avèk lajan taks.
- (4) Mouvman Tea Party manke sipò piblik.

45 Repons Prezidan George Washington pou Rebelyon Wiski (1794) ak repons Prezidan Dwight Eisenhower pou evènman yo nan Little Rock High School (1957) montre

- (1) Lakou Siprèm te souvan deklare aksyon prezidan an enkonstitisyonèl
- (2) dispozisyon sipremasi federal Konstitisyon an ranfòse raman
- (3) eta yo te gen siksè nan defye lwa federal
- (4) prezidan an ka itilize twoup yo pou ranfòse desizyon federal yo

46 Ki tit liv ki annamoni avèk presizyon avèk tèm liv la?

- (1) *Uncle Tom's Cabin* (*Kabin Tonton Tòm*)—kripsyon machin politik la
- (2) *The Jungle* (*Jeng lan*)—pwoteksyon anviwònman an
- (3) *How the Other Half Lives* (*Fason Lòt Mwatye a ap Viv*)—povrete iben
- (4) *The Grapes of Wrath* (*Rezen Kòlè*)—diskriminasyon rasyal

47 “Pwokirè Jeneral Palmer Bay Lòd pou Atake Kominis yo Rapòte yo”


“Senatè McCarthy Lanse Ankèt sou Trèt yo Akize yo nan Depatman-Deta”

“Pwokirè Jeneral Ashcroft Otorize Itilizasyon Mikwo kache sou Teworis yo Sispèk yo”

Gwo tit sa yo montre tansyon ant

- (1) dwa Eta yo ak kontwòl federal
- (2) platfòm pati Demokrat ak pati Repibliken
- (3) sekirite nasyonal ak libète endividyèl yo
- (4) otorite lejislati ak pouvwa egzekitif

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 48 la.




Sous: Pat Oliphant, November 10, 2000

48 Yo te pibliye komik sa a pou bay repons pou

- (1) ratifikasyon 22yèm amannman ki limite manda prezidan yo
- (2) enfliyanse kandida pati endepandan yo nan eleksyon yo pou prezidan
- (3) desizyon Lakou Siprèm pou mete anplas prensip “yon gason-yon vòt”
- (4) konfli sou eleksyon pou prezidan ant George W. Bush ak Al Gore

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 49 la.

Nan labim



Sous: John de Rosier, *Albany Times Union*,
November 26, 2009

49 Lide prensipal komik la sèke Prezidan Barack Obama

- (1) detèmine pou mete yon pwen final nan angajman politik etranje prezidan Lyndon B. Johnson
- (2) pi byen prepare pase Prezidan Lyndon B. Johnson pou mennen nasyon an nan lagè
- (3) ta dwe aprann nan echèk Prezidan Lyndon B. Johnson nan Vyetnam
- (4) ta dwe swiv konsèy Prezidan Lyndon B. Johnson

50 “Kanpay Hoover ak Smith nan Radyo”
“Kennedy Depase Nixon nan Sondaj yo Apre Deba Televize”
“Obama Ogmante Don Rekò yo Avèk Entènèt”

Ki deklarasyon sou itilizasyon medya nan kanpay politik yo ki eklèsi nan gwo tit sa yo?

- (1) Afè mounpa nan medya yo pa afekte posiblite dirijan politik yo pou kominike avèk elektè yo.
- (2) Dirijan politik yo adapte avèk nouvo fòm medya yo pou kominike avèk elektè yo.
- (3) Medya elektwonik yo se yon fason ki pa efikas pou dirijan politik yo kominike avèk elektè yo.
- (4) Apwobasyon medya yo gen pi gwo enfliyans sou elektè yo.

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Politik Etranje—Amerik Latin ak Antiy yo

Pandan 19yèm ak 20yèm syèk la, objektif politik etranje Etazini te lakòz anpil aksyon diplomatik **ak/oswa** aksyon militè ki konsène nasyon ki nan Amerik Latin ak Antiy yo.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** aksyon diplomatik **ak/oswa** aksyon militè ki konsène nasyon ki nan Amerik Latin ak Antiy yo epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz aksyon Etazini
- Dekri yon objektif Etazini te genyen nan pouswiv aksyon sa a
- Diskite sou siksè **ak/oswa** echèk Etazini nan reyalize objektif sa a

Ou ka itilize nenpòt aksyon diplomatik ak/oswa aksyon militè Etazini ki konsène nasyon nan Amerik Latin ak Antiy yo. Kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere gen ladan piblikasyon Doktrin Monroe nan ane 1823, deklarasyon lagè kont Meksik nan ane 1846, deklarasyon lagè kont Espay nan ane 1898, akizasyon Zòn Kanal Panama nan ane 1903, Kowolè Roosevelt nan Doktrin Monroe nan ane 1904, anons Politik Bon Vwazinaj nan ane 1933, blokis naval Kiba nan ane 1962, ak adopsyon Akò Lib Echanj Amerik-di-Nò (North American Free Trade Agreement, NAFTA) nan ane 1994.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa ou gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Nan istwa Etazini, te gen konfli ant twa (3) branch gouvènman an. Twa (3) pwoblèm ki te lakòz konfli se **refi Prezidan Andrew Jackson pou ranfòse desizyon Lakou Siprèm, deba Sena a sou Trete Vèsay Prezidan Woodrow Wilson te negosye, ak ankèt Kongrè sou wòl Prezidan Richard Nixon nan afè Watèget.**

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** pwoblèm ki endike nan kontèks istorik la, epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz konfli ant de (2) branch gouvènman
- Diskite sou fason rezilta konfli a te afekte Etazini *ak/oswa* sosyete ameriken an

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

...Chiwoki Georgia, youn nan tribi ki pi pwogresis, te eseye ranfòse pozisyon yo ladan lè yo te kreye yon eta nan yon eta. Yo te jwenn ankourajman pou fè sa avèk yon seri trete avèk Etazini ki te rekonèt yo kòm yon nasyon ki kapab fè lapè ak lagè, ki posede tè nan limit yo epi ki “pini pwòp sitwayen yo avèk pwòp lwa li yo.” Georgia te gen obligasyon, tankou nenpòt lòt eta, pou obsève trete gouvènman federal la te fè yo, men li te fè tèt di [kategorik] kote trete Chiwoki yo te konsène. Li [Georgia] te refize rekonèt Chiwoki yo kòm yon nasyon endepandan, epi li te sipòte yo pou vann tè yo. Yo [Chiwoki yo] te meprize demann sa a epi yo te mande pwoteksyon federal. Nan de (2) ka prensipal [*Cherokee Nation v. State of Georgia* (1831) ak *Worcester v. Georgia* (1832)], Lakou Siprèm Etazini te sipòte “dwa” Chiwoki yo kont Georgia, sèlman pou fè eta a pase chak desizyon nan tenten [meprize].

[Prezidan Andrew] Jackson se sipòte Georgia. Kit li te fè kòmantè selèb sa a kit li pa t fè li, “John Marshall te bay pwendvi li, kounye a kite li ranfòse li,” politik jaksonyen an te annakò nèt avèk lespri remak la. Premye diskou anyèl li [Desanm 1829] te mande Kongrè a pou rezève yon rejyon nan Fawès la kote Endyen yo ta ka ale. Kongrè a te fè sa avèk yon vòt pati sevè, epi migrasyon fòse a te kòmanse, pou kontinye jiska dekad mil-uisan trant yo....

Sous: Glyndon G. Van Deusen, *The Jacksonian Era: 1828–1848*, Harper & Row, 1959

1a Dapre Glyndon G. Van Deusen, kisa ki te **yon** rezon ki fè Chiwoki yo te mande pwoteksyon federal nan eta Georgia? [1]


Score

b Dapre Glyndon G. Van Deusen, kisa ki te **yon** aksyon Prezidan Andrew Jackson te fè ki te sipòte Georgia? [1]

Score

Dokiman 2a

Efè Politik Sou Endyen Natifnatal Ameriken yo, 1830-1850



Sous: Irving F. Ahlquist et al., *United States History*, Addison-Wesley, 1984 (adapte)

Dokiman 2b



Sous: Robert Lindneux, *Trail of Tears*

2 Dapre dokiman sa yo, kisa ki te **yon** efè politik Prezidan Andrew Jackson sou Endyen Natifnatal Ameriken yo? [1]

Score

Dokiman 3

...Nan pwoblèm Teritwa Endyen ki te devlope rapid pami sa ki te fèk rive y ak Chiwoki ki te deja ap viv la, sitou lè yo t ap fè vanjans kont kontenjan [gwoup] ki te siyen Trete New Echota [trete 1835 avèk Chiwoki yo]. Lè pwoblèm sa yo te rezoud, Chiwoki yo te kontinye adapte yo nan nouvo patri yo, epi yo te mete anplas sistèm gouvènman pa yo ankò, ki te baze sou pa Etazini....

Otonomi sa a te rete solid yon fason rezonab jouk nan Lagè Sivil la, lè yon faksyon Chiwoki yo te sipòte Konfederasyon an. Pandan Rekonstwiksyon an, yo te soufri yon pèt gouvènman otònòm epi, pi enpòtan ankò, yo te pèdi baz tè yo. Anwite [peman] gouvènman an te redui, epi yo te vann tè yo ba tribi ki te fèk rive yo. Sesyon tè yo t ap kontinye pandan fen 19yèm syèk la, epi gouvènman federal la te parèt kòm yon gwo fòs pou sesyon tè anba Lwa 1887 Daws, ki te separe tè tribi yo. Kreyasyon eta Oklahoma nan ane 1907 te ogmante presyon an pou sesyon tè yo. Anpil moun ki te zansèt Chiwoki doute te jwenn mwayen pou mete non yo sou lis tribi yo epi patisipe nan distribisyon tè sa yo ba moun yo. Nan kòmansman ane 1970 yo, Chiwoki oksidantal yo te pèdi tit pou plis pase 19 milyon ak tè....

Sous: Trail of Tears Association

3 Dapre dokiman sa a, kisa ki **yon** konsekans politik gouvènman federal la pou sou Chiwoki yo? [1]

Score

Dokiman 4

...Lè, nan ane 1919, Prezidan [Woodrow] Wilson te retounen lakay li nan bato apre kokennchenn pwogrè toupatou nan Ewòp, li te otè vityèl trete pou lapè a. Lè twa (3) dirijan gouvènman yo — Lloyd George, Signor Orlando, Georges Clemenceau — te di li orevwa, yo te imite lajwa ak chagren disip ki t ap soti nan yon nonm sen.

Answit — epi sa enpòtan pou devlopman konplo — okenn ladan yo pa t renmen li. Men yo tout te konnen siksè Lig Nasyon (League of Nations) tibebe a ta depannde Etazini pou anpil nan swen ak alimantasyon li. Yo te gen konfyans, menm jan ak Wilson, Trete a ta pase nan Sena Etazini.

Yon ti detay kote Ewopeyen yo pa t fè anpil atansyon nan moman an, sètadi yon dispozisyon serye konstitisyon Etazini, yo te ratifye nan ane 1787.* Li endike nan atik de (2), ki konsène pouvwa prezidan an — “Li dwe gen pouvwa dapre epi avèk konsèy ak konsantman Sena a pou fè trete yo, depi detyè Sena ki prezan dakò.”...

Sa ki te pi grav pou li ak pou desten Lig Nasyon, te gen yon nonm ki te rayi Prezidan Wilson piblikman. Nan kòz sa a, nonm sa a te pifò pouvwa nan Kongrè a — prezidan komite relasyon eksteryè Sena a — ki ta gen epi ki gen dènye mo pou di jodi a sou si pou bay konsantman nesèsè Sena a pou nenpòt trete avèk peyi etranje....

Sous: “A Plea to the Senate,” *BBC News*, October 15, 1999 (adapte)

* Yo te ratifye Konstitisyon Etazini toutbon nan ane 1788.

- 4 Dapre atik *BBC News* sa a, kisa ki te **yon** pwoblèm Prezidan Woodrow Wilson te genyen nan efò li t ap fè pou li jwenn apwobasyon Sena a pou Trete Vèsay? [1]

Score

Entèripsyon Seremoni an

Sous: Carey Orr, *Chicago Daily Tribune*, December 27, 1918 (adapte)

Otè: United Press

WASHINGTON. 20 Mas. — Trete pou Lapè a depannde Prezidan Wilson kounye a.

Sena a te lave men li pou akò nan dènye lannwit lan lè li te refize ratifye li avèk yon vòt 49 pa 35, epi avèk yon vòt 47 pa 37, li te vote pou voye li retounen ba Prezidan Wilson avèk mo ki endike li pa t kapab ratifye li. Kesyon jodi a se te: “Kisa Prezidan Wilson pral fè sou sa.”

Li kapab voye li retounen nan Sena a. Nan ka sa a, Senatè Repibliken Lodge ak lòt Repibliken yo, ak kèk Demokrat tou, te deklare okenn aksyon pa ta fèt sou sa jouk apre afè trete a oswa yo pa batay kont okenn trete nan kanpay k ap vini an.

Li kapab konsilte pèp ameriken an nan “referandòm serye,” jan li te di li ta fè sa nan yon lèt li te voye nan dine Jackson Day sou afè ratifikasyon akò a jan li je tankou yon pwoblèm nan kanpay nasyonal ane 1920 an.

Li kapab lage trete a epi kòmanse negosyasyon yo avèk peyi Almay pou rezime sityasyon lapè a.

Atant jeneral pami senatè yo sèke l ap fè dezyèm kous la epi l ap mande pati Demokrat la pou fè trete a vin yon afè ki pi enpòtan nan kanpay la....

Sous: *Columbia Evening Missourian*, March 20, 1920 (adapte)

5 Dapre dokiman sa yo, kisa ki te **yon** rezilta deba Sena a sou Trete Vèsay? [1]

Score

Dokiman 6

...Dènye chans pou ranvèse desizyon sa a [Vòt final Sena a sou Trete Vèsay] chita sou eleksyon kandida Demokrat la, James Cox, pou ranplase [Prezidan Woodrow] Wilson nan Mezon-Blanch. Men nan eleksyon mwa novanm nan, Cox te pèdi, epi Warren Harding, Repibliken an, te vin Prezidan. Anvan li te pase nan eleksyon an, kèk moun te kwè Harding, Lamerik te twò vle wè nan Lig Nasyon, men imedyatman li te pran fonksyon li te endike aklè li te vle kenbe Etazini san okenn patisipasyon avèk rès latwoublyay monn lan. Answit ventan yo te kòmanse pandan Lamerik te izole tèt li, ventan tout lemonn, ansanm ak, pètèt, Ameriken yo poukont yo, te dwe peye yon pri grav konsa....

Sous: George Scott, *The Rise and Fall of the League of Nations*, Macmillan Publishing Co., 1973

6 Dapre George Scott, kisa ki te **yon** konsekans vòt final Sena a sou Trete Vèsay sou politik etranje Etazini? [1]

Score

Dokiman 7a

...Pou kounye a, sètènman, Watèget te vin yon pati nan fòklò nou: Senk (5) gason ki mete rad biznis ak gan chirijikal te jwenn arestasyon yo nan mitan lannwit lan avèk aparèy ekout nan biwo santral Pati Demokratik la nan bilding Watergate nan Washington, D.C. Vòlè yo te sanble fè pati yon gwo rezo espyonaj politik ak operasyon sabotaj èd prensipal Prezidan [Richard] Nixon t ap dirije, youn nan sa ki te deklanche yon gwo operasyon kamouflaj Mezon-Blanch ki te anba kontwòl dirèk prezidan an. Apre operasyon kamouflaj sa a te devwale, lajistis te kondane plis pase 70 moun, ansanm ak manm kabinè a ak asistan Mezon-Blanch yo, pou abi pouvwa kriminel; sèl yon padon pwochen prezidan an te sove Nixon limenm pou li pa t vin premye egzektif an chèf nan listwa ki te tonbe anba akizasyon pou krim li te fè nan Biwo Oval (Oval Office) la. Dapre mo Stanley Kutler, istoryen prensipal eskandal la, Watèget “te ravaje ak sekwe nasyon an epi li te teste sistèm konstitisyonèl ak politik la paske yo pa t teste li depi Lagè Sivil la.”...

Sous: Mark Feldstein, “Watergate Revisited,” *American Journalism Review*, August/September 2004

7a Dapre dokiman sa a, idantifye **yon** evènman ki te lakòz ankèt sou afè Watèget. [1]

Score

Dokiman 7b

Pwosè ak Tribilasyon > Apèsi

Lè Kongrè a te reyini ankò nan mwa janvyè 1974, apre vakans Nwèl li, Chanm Reprezantan li yo te ajoute sou pwoblèm legal Nixon. Nan dat 6 fevriye, li te otorize Komite Jidisyè a (Judiciary Committee) pou mennen ankèt sou motif pou akizasyon Prezidan Nixon. Sa te ajoute sou ankèt Jij [John] Sirica ak gran jiri, Pwokirè Espesyal [Leon] Jaworski ak Depatman Lajistis (Justice Department), te deja ap fè, ak travay komite Sena a chwazi sou Watèget te fè deja...

Konsekans yo > Apèsi

Nan dat 9 me 1974, Komite Jidisyè Chanm nan (House Judiciary Committee) te kòmanse odyans yo sou atik akizasyon an. Jij Sirica te remèt komite a prèv jiri a te rasanble kont Nixon. Pandanstan, Jaworski te konteste Lakou Siprèm pou fòse Nixon remèt plis anrejistreman. Nan dat 24 jiyè, Tribinal la te bay yon desizyon 8-0, pou devwale dènye liy defans prezidan an.

Nan fen mwa jiyè a, komite Chanm nan te prepare twa (3) atik akizasyon an kont Nixon:

- Blokaj ankèt sou Watèget
- Move itilizasyon pouvwa epi vyolasyon sèman li te fè pou li pran fonksyon
- Li pa konfòme li avèk asiyasyon Chanm nan pou li prezante...

Sous: "The Watergate Files," Gerald R. Ford Presidential Library & Museum

7b Dapre dokiman sa a, idantifye **yon** aksyon branch lejislatif la te fè pandan ankèt sou afè Watèget. [1]

Score

Dokiman 8

...Pwoblèm santral Watèget te poze a, finalman, pa t rezoud. Se te fason pou fè gouvènman ameriken an, sitou Prezidan an, pran plis responsablite pou pèp la. Yon seri lejislasyon nan ane 1973–74, ki gen ladan Lwa 1973 konsènan Pouvwwa pou Lagè, yon lwa pou kontwole finansman kanpay ak depans (1974), yon Lwa sou Libète pou Enfòmasyon (1974), ak yon Lwa konsènan Bidjè ak Sezi Kongrè a (1974), t ap eseye ankouraje responsablite sa a, men lwa sa yo pou pifò pati ki ladan yo pa t reyalize sa yo te la pou fè a, sitou paske Prezidan yo ak lòt politisyen yo te chèche lòt fason pou vyole yo. Lè zak Prezidan ki te vini apre yo te parèt aklè, te kapab epi te gen konduit gwo-ponyèt Mezon-Blanch ankò pi devan....

Sous: James T. Patterson, *Grand Expectations: The United States, 1945–1974*, Oxford University Press, 1996 (adapte)

8 Dapre James T. Patterson, kisa ki **yon** konsekans ankèt sou afè Watèget? [1]

Score

Dokiman 9

...Fondatè nasyon sa a te ka fè gwo sezisman avèk revelasyon Watèget. Men yo te ka fyè sitou pou sistèm jidisyè yo te kreye a. Te gen yon jij pwosè ki pa t aksepte defòmasyon laverite. Te gen yon koudapèl ki te aji avèk lespri desizyon ak rapidite pou leve premye defi Prezidan Nixon ki pa t dakò pou remèt anrejistreman yo. Menm tribinal premye enstans lan ak menm koudapèl la, san pran tan, te deside yo ta dwe transmèt yon rapò gran jiri a ki enpòtan anpil ba Komite Jidisyè Chanm nan. Epi tribinal premye enstans sa a te anile reklamasyon privilèj egzekitif Prezidan an kòm repons pou yon asiyasyon *duces tecum* [pou bay prèv] pou konparèt nan yon sitiyasyon ki konsène move zak kriminel. Lakou Siprèm, nan enterè ekspedisyon [rapidite] lajistis, te kontoune Koudapèl epi answit avèk odas ak yon dèle minimòm te antere pwoblèm jenan yo ki te atake nasyon an....

Nan Watèget, nou te aprann sa jenerasyon anvan nou yo te konnen: Konstitisyon nou an travay. Epi pandan ane Watèget yo te entèprete li ankò tankou pou konfime okenn moun—okenn moun ditou—pa anwo lalwa....

Sous: Leon Jaworski, *The Right and the Power: The Prosecution of Watergate*, Pocket Books, 1977

9 Dapre Leon Jaworski, kisa ki **yon** konsekans ankèt sou afè Watèget genyen sou Etazini? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki soti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Nan istwa Etazini, te gen konfli ant twa (3) branch gouvènman an. Twa (3) pwoblèm ki te lakòz konfli se **refi Prezidan Andrew Jackson pou ranfòse desizyon Lakou Siprèm, deba Sena a sou Trete Vèsay Prezidan Woodrow Wilson te negosye, ak ankèt Kongrè sou wòl Prezidan Richard Nixon nan afè Watèget.**

Sa pou fè: Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote y ap mande w pou

Chwazi **de (2)** pwoblèm ki endike nan kontèks istorik la, epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz konfli ant de (2) branch gouvènman
- Diskite sou fason rezilta konfli a te afekte Etazini *ak/oswa* sosyete ameriken an

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

